

IMIGRAN: KONNEN DWA W



LAKAY

- Lakay ou se chato ou. Ou pa oblije louvri pòt la sof si ofisyè ICE yo gen yon manda jidisyè valab. Pou nou pi klè ak ou, yon manda administratif oswa yon manda imigrasyon pa ase. Lòd la dwe di “US District Court” anlè epi yon jij dwe siyen l.
- Mande pou w wè manda a. Ajan an ka glise manda a anba pòt la oswa kenbe li kont yon fenèt pou ou ka wè li. Si se pa yon manda jidisyè, ou ka di avèk respè **“Mwen pa ba ou pèmision pou w antre.”**
- Si yo antre pa fòs, ou gendwa di **“Mwen pa dakò pou w antre.”**
- Si yon ajan pa pale yon lang ou konprann, mande pou yon entèprèt avèk repèsè.

NAN TRAVAY

- Menm jan ak kay prive, ofisyè ICE yo bezwen yon manda jidisyè valab pou antre nan nenpòt zòn travay ki prive. Men, yo ka antre nan zòn piblik yo.
- Ou ka di avèk respè: **“Mwen pa ka ba ou pèmision pou w antre. Ou dwe pale dirèkteman ak pwopriyetè a.”**
- Zòn prive yo ta dwe make ak yon siy ki di “prive” epi pwopriyetè a ta dwe kominike ak tout anplwaye yo ke se sèlman pwopriyetè a ki ka bay otorizasyon pou imigrasyon antre.

NAN MACHIN

- Menm si yo mande w, ou pa bezwen bay yon paspò oswa lòt papyè imigrasyon, epi sèlman chofè a bezwen bay lisans li. Si w pa gen yon lisans, ou ka espere yo mande w yon pyès idantite valab, epi ou ta dwe konsilte ak yon avoka sou sa pou w fè.
- Lapolis ak ofisyè ICE yo pa kapab fouye moun oswa machin ou san yon reon valab.
- Toujou kenbe men ou kote ofisyè a ka wè yo.

NAN LARI

- Ofisyè ICE yo ka rele non w pou konfime idantite w epi kenbe w.
- Anvan ou konfime non w, ou ka mande: **“Èske mwen lib pou m ale?”** Si repons lan se wi, ou ka di avèk respè: **“Mwen pa gen tan pou m reponn kesyon w yo.”** Epi ou ka ale.
- Lapolis ka tcheke rad ou si yo sispèk ou gen yon zam, men yo pa kapab manyen kò ou oswa bagay ou san yon rezon valab. Yo bezwen tou yon rezon valab pou yo kanpe w.

Ou gen dwa pou ou rete an silans. Pa enkrimine tèt ou; pa di anyen ki ka revele kote ou fèt oswa sityasyon imigrasyon w.

Pa bay manti ke ou gen sitwayènè ameriken oswa ou se Pòtoriken.

Pa reziste. Si ofisyèl yo antre nan lokal la pa fòs, rete kalm.

Toujou pote oswa genyen nan men ou nenpòt dokiman imigrasyon valab (oswa omwen yon kopi). Pa egzanzp, kat vèt (rezidans) ou, TPS, oswa azil.

Si w kapab fè sa san danje, anrejistre oswa dokimante tout rankont ak lapolis oswa imigrasyon.

On gen dwa pale ak yon avoka epi kontakte konsila ou.

Gen yon plan an ka ijans nan ka yo arete w oswa kenbe w. Kreye yon plan sekirite pou pitit ou yo (lekòl), fanmi (lakay) ak anplwaye yo (nan espas travay la).

Kenbe dokiman enpòtan (batistè, dokiman imigrasyon, paspò) nan yon kote ki an sekirite ke yon manm fanmi ou konnen, men pa kote tout moun ka wè.

LCR

**LAWYERS FOR
CIVIL RIGHTS
BOSTON**

Kontakte LCR

617-482-1145

LawyersforCivilRights.org

@LCRBoston

#BostonCivilRights

#LegalWarriors